Pou Piblikasyon Imedya: 05/07/2022 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN PAKE LEJISLATIF POU ESTIMILE EFIKASITE ENÈJI, EKONOMI POU KONSOMATÈ AK REDIKSYON EMISYON GAZ A EFÈ SÈ PANDAN L AP SIPÒTE MEZI SALÈ KI ANVIGÈ

Lwa A.10439/S.9405 ranfòse kòd konstriksyon ak estanda aparèy elektwomenaje New York yo

Lejislasyon A.10493/S.9422 pral elaji rezo chofaj ak refwadisman kominotè yo

Lejislasyon A.9598/S.8648 pwolonje egzijans salè ki anvigè yo pou pwojè enèji renouvlab yon megawat ak pi gwo

Li sipòte objektif nasyonal Eta New York la nan kad Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè a ki gen ladan yon rediksyon 85 pousan nan emisyon gaz a efè sè disi 2050 ak yon tranzisyon jis ak ekitab pou travayè New York yo

Jodi a Gouvènè Kathy Hochul te siyen yon pake lejislatif twa pwojè lwa ki pral ranfòse angajman New York pou devlopman enèji pwòp ak efikasite enèji, pandan l ap redui emisyon gaz a efè sè. Gouvènè a te siyen pwojè lwa yo nan syèj sosyal Newlab nan Brooklyn ansanm ak Senatè Eta Kevin Parker, Senatè Eta Jessica Ramos, Manm Assanble Pat Fahy, Manm Asanble Latoya Joyner ak lidè prensipal sendika ak defansè klima yo. Twa nouvo lwa sa yo sipòte Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè (Climate Leadership and Community Protection Act, CLCPA) a pou yon rediksyon 85 pousan nan emisyon gaz a efè sè disi 2050 pandan l ap asire yon tranzisyon jis ak ekitab pou travayè ak kominote New York yo.

"Nou ka santi enpak chanjman klimatik yo toupatou nan Eta New York, epi kòm repons nou ap pran mezi odasye epi konstwi yon New York ki pi solid, ki pi rezistan nan garanti plas ki pi an sante ak pi vèt pou viv ak travay", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Kounye a plis ke jamè, enpòtans yon transfòmasyon vèt ki ekonomik se yon bagay ki klè, epi ranfòse kòd konstriksyon ak estanda aparèy elektwomenaje yo pral diminye emisyon kabòn epi ekonomize Nouyòkè yo plizyè milya dola nan ogmante efikasite. Pake lejislatif plizyè fasèt sa a pral non sèlman ranplase enfrastrikti konbistib fosil sal, men li pral konsolide New York plis tou kòm lidè nasyonal nan aksyon klima ak travay ekolojik".

Lwa 2022 sou Kòd Konstriksyon Avanse, Estanda Efikasite Aparèy Elektwomenaje ak Ekipman an ranfòse anviwònman règlemantè ak politik New York pou sipòte estrateji efikasite enèji ak rediksyon gaz a efè sè nan bilding yo ansanm ak estanda aparèy elektwomenaje elaji. Lwa sou Rezo Enèji Tèmik Sèvis Piblik ak Travay yo egzije Komisyon Sèvis Piblik (Public Service Commission, PSC) la pou devlope yon estrikti règlemantè pou rezo enèji tèmik sèvis piblik yo - ki gen ladan pwojè jewotèmik distri ak lòt pwojè enfrastrikti tèmik kominotè - pou chofaj ak refwadisman kay yo, epi pou dirije sèvis piblik yo nan lanse pwojè pilòt nan teritwa sèvis yo. Gouvènè a te siyen tou lejislasyon ki egzije salè ki anvigè pou pwojè enèji renouvlab yon megawat ak pi gwo ki enplike akizisyon kredi enèji renouvlab nan men yon antite piblik. Ansanm, avèk gwo pwomès sistèm tèmik kominotè yo fè pou travayè kanalizasyon aktyèl yo ak lòt metye ki kalifye yo, aksyon akselere nan efikasite bilding, ak estanda salè ranfòse pou devlopman enèji renouvlab, mezi lejislatif sa yo demontre angajman Eta a pou asire pwojè yo kreye bon jan travay pou Nouyòkè yo nan enèji pwòp ak planifikasyon pou yon tranzisyon jis.

Rann sektè bilding New York la vin ekolojik nan envesti nan solisyon pwòp chofaj ak refwadisman prezante pi gwo posiblite pou diminye emisyon gaz a efè sè pandan l ap reyalize yon opòtinite inik pou devlopman mendèv. Nan kòmansman ane sa a, Gwoup Travay Konsèy Aksyon sou Klima a pou Tranzisyon Jis te pibliye yon Etid Travay ki bay detay sou kantite travay ki pral kreye nan kad tranzisyon enèji pwòp New York la, epi li te jwenn sektè bilding lan te konte pou plis pase mwatye nan tout travay ki ajoute nan sou-sektè enèji pwòp k ap grandi soti 2019 rive 2030. Etid la estime ke travay jeneral nan sektè bilding lan pral grandi nan apeprè 366,000 disi 2040, plis pase double mendèv 2019 la nan ajoute plis pase 200,000 nouvo travay. Pake lejislatif ki siyen jodi a se yon pati nan yon seri politik ak pwogram global ki nesesè pou mennen dekabonizasyon nan sektè bilding nan sou gwo anplè epi reyalize opòtinite enpòtan sa yo pou kwasans travay nan yon tan ki kout, mwayen ak long.

Lwa 2022 sou Kod Konstriksyon Avanse, Estanda Efikasite Aparèy Elektwomenaje ak Ekipman

Lejislasyon A.10439/S.9405 mande pou yo mete ajou Kòd Konstriksyon sou Konsèvasyon Enèji Eta New York la pou atenn efikasite enèji ak rediksyon emisyon gaz a efè sè pou sipòte Lwa sou Klima a. Kòd enèji avanse yo ta ka diminye bòdwo enèji aktyèl yo, sa ki lakòz prèske 4 milya dola nan ekonomi enèji pou pwopriyetè bilding yo disi 2030, avèk potansyèl pou plis ekonomi menm lè nou konsidere enflasyon resan an ak tandans ogmantasyon depans enèji yo.

Anplis de sa, lejislasyon sa a otorize Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA), an konsiltasyon ak Depatman Eta a, pou adopte estanda efikasite pou aparèy elektwomenaje ak ekipman ki diminye itilizasyon enèji. Ogmante estanda aparèy elektwomenaje yo pral redui emisyon yo epi fè ekonomi 15 milya dola pou Nouyòkè yo jiska 2035, ki gen ladan 6 milya dola pou fanmi ki gen revni ba ak modere, nan diminye

enèji ki gaspiye nan itilizasyon pwodui ak aparèy elektwomenaje ki mwens efikas chak jou.

Lejislasyon an otorize tou Gouvènè a pou deziyen Prezidan NYSERDA ak Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònman (Department of Environmental Conservation, DEC) an kòm manm Konsèy Prevansyon Ensandi ak Kòd Konstriksyon Eta a (Konsèy Kòd), pou aliyen travay Konsèy sou Aksyon Klimatik la avèk Konsèy Kòd la pou atenn objektif Lwa sou Klima a atravè pwogrè nan kòd enèji bilding lan.

Senatè Eta a Kevin Parker te deklare, "Pou gwo eta nou an rive atenn objektif CLCPA nou yo, li pral adopte tout apwòch ki anwo yo. De pwojè lwa mwen yo ke Gouvènè a te siyen yo se etap enpòtan nan atenn objektif sa yo. Bilding yo se sèl pi gwo itilizatè enèji nan Eta New York, ak pi gwo sous gaz emisyon efè sè ak lòt emisyon klimatik, akòz konbisyon konbistib fosil pou chofaj, dlo cho domestik, ak pou kwit manje. Mèsi, Gouvènè Hochul, paske w te siyen lejislasyon enpòtan sa a. Finalman, lejislasyon sa a ede konekte travay lokal yo, sendika yo ak efò pou dekabonize bilding yo ak katye yo nan yon pri abòdab akòz depans kapital pi bon mache sèvis piblik yo, kote tout bagay sa yo nan enterè piblik la."

Manm Asanble Patricia Fahy te deklare, "Redui enèji ak itilizasyon dlo se pa yon si ankò — men se yon obligasyon pou lite kont chanjman klimatik. Lwa sou Kòd Konstriksyon Avanse a pral ekonomize kontribiyab sèvis piblik New York yo jiska 15 milya dola rive ane 2035 pandan l ap diminye konsomasyon enèji New York la epi an menm tan, ede atenn misyon anbisye klimatik nou yo. Nan sèlman ogmante efikasite ak estanda enèji nan aparèy elektwomenaje ak ekipman yo, epi nan ajoute misyon klimatik eta a ki etabli dapre CLCPA nan kòd konstriksyon eta New York pou konsèvasyon enèji, n ap kontinye atake youn nan pi gwo sous emisyon kabòn nou yo: pak imobilye. Lè nou adopte lejislasyon sa a, sa vle di n ap ekonomize Nouyòkè yo lajan pandan n ap amelyore efikasite enèji jeneral nou epi mete nou sou wout pou nou atenn misyon klimatik nou yo. Mwen fyè dèske mwen wè pwojè lwa sa a te siyen jodi a epi mwen remèsye Gouvènè Kathy Hochul, esponnsò Sena a, Kevin Parker, ak defansè anviwònman yo ki te travay pou fè adopte li".

Lwa sou Rezo Enèji Tèmik Sèvis Piblik ak Travay

Lejislasyon A.10493/S.9422 pèmèt sèvis piblik yo posede, opere ak jere rezo enèji tèmik, ansanm ak pwovizyon enèji tèmik distribye, avèk sipèvizyon PSC. Rezo chofaj ak refwadisman - yo rele tou sistèm enèji kominotè oswa sistèm enèji distri - se yon solisyon rezistan, efikas pou enèji, ak pwòp ki ka ede Eta New York atenn objektif klimatik anbisye li yo. Nan pwofite plizyè sous chalè rezidyèl ki egziste (tankou dlo, dlo ize, ak jewotèmi, pami lòt) epi konekte yon seri divès kalite bilding sou yon bouk pataje, rezo enèji tèmik yo ka bay ekonomi operasyonèl ak nan depans enèji ki konsiderab lè yo konpare ak metòd chofaj ak refwadisman ki pi tradisyonèl yo, pandan y ap diminye demann sou rezo elektrik la.

Lejislasyon sa a pral ankouraje devlopman rezo enèji tèmik nan tout Eta a, bay avantaj nan redui itilizasyon konbistib fosil pou chofaj ak refwadisman atravè solisyon enfrastrikti nan tout kominote a, ansanm ak opòtinite travay pou travayè sèvis piblik aktyèl yo ak nouvo travayè yo. Lejislasyon otorize a pral bati sou pwogrè ak konplete pwogram tèmik kominotè aktif NYSERDA, ki jiska jounen jodi a te finanse etid sou posibilite, etid detaye sou konsepsyon, ak lòt ankourajman sou konstriksyon pwojè avanse nan plis pase twa douzèn sit atravè eta a.

Manm Asanble Latoya Joyner te deklare, "Jodi a nou fè yon pa enpòtan nan batay kont chanjman klimatik ak kreye travay ekolojik ki pral benefisye jenerasyon Nouyòkè yo alavni. Nou pa ka rete san fè anyen konsa ankò pandan chanjman klimatik ap fè ravaj nan kominote yo atravè eta nou an, epi mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul paske li te pran mezi rapid epi kreye yon New York ki pi pwòp, ki pi vèt pou tout moun".

Salè ki anvigè pou Pwojè Enèji Renouvlab Yon Megawat ak Pi Gwo

Lejislasyon A.9598/S.8648 egzije salè ki anvigè pou pwojè enèji renouvlab yon megawat ak pi gwo ki enplike akizisyon kredi enèji renouvlab nan men yon antite piblik, ki finalman sipòte nouvo objektif Gouvènè a pou dis jigawat solè distribiye disi 2030, ase pou alimante chak ane prèske 700,000 kay ki gen yon gwosè mwayen. Fèy wout dis jigawat New York, PSC apwouve an avril la, bay yon estrateji konplè pou elaji inisyativ NY-Sun ki gen siksè nan eta a vin youn nan pi gwo pwogram solè distribiye nan peyi a. Envestisman piblik la pou atenn dis jigawat enèji solè pral ankouraje apeprè 4.4 milya dola nan envestisman prive pou pèmèt pwojè yo ki jwenn yo rive reyalize, pou yon total 5.9 milya dola nan envestisman yo prevwa nan mitan ak nan fen ane 2020 yo. Yo pral kreye 6,000 travay solè adisyonèl atravè eta a, ki gen ladan ak premye aplikasyon Eta a nan egzijans salè an vigè pou pwojè solè ant youn ak senk megawat.

Senatè Eta, Jessica Ramos, Prezidan Komite Travay Sena a, te deklare, "Mete salè ki anvigè yo ak travay òganize nan tèt tranzisyon Eta nou an nan enèji renouvlab pral pèmèt New York leve kominote yo avèk salè pou soutni fanmi yo pandan l ap mennen efò nou yo pou atake kriz klimatik la. Mwen kontan dèske yo te siyen pwojè lwa mwen an avèk Manm Asanble Joyner jodi a, epi mwen swete ke se youn nan plizyè etap pou konstwi yon avni klimatik avèk fanmi k ap travay kòm priyorite".

Doreen M. Harris, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral, NYSERDA te deklare, “Eta New York ap lite kont chanjman klimatik atravè sektè ak teknoloji epi nou nan avangad solisyon pou redui emisyon kabòn ak ogmante efikasite enèji pandan n ap kreye travay ki soutni fanmi atravè eta nou an. Mezi sa yo pral bay konsomatè yo ekonomi enpòtan nan depans enèji yo, pèmèt yo gen plis aksè a solisyon pou kontwole anprent kabòn yo, asire travay pou lavni yo avanse yon fason responsab, epi sipòte konstriksyon kominote ki pi dirab avèk aparèy elektwomenaje modèn trè efikas ak solisyon chofaj ak refwadisman ki pi pwòp ki benefisye tout Nouyòkè yo, espesyalman moun ki gen revni ki ba ak modere ak nan kominote ki defavorize yo".

Sekretè Deta a, Robert J. Rodriguez, te deklare, "New York kontinye rete yon lidè nan aksyon kont chanjman klimatik ak rediksyon emisyon gaz a efè sè yo. Nouvo lwa sa yo ki gen plizyè fasèt ke Gouvènè Hochul siyen pral ede eta nou an soti nan ansyen enfrastrikti konbistib pou pase nan yon nouvo chemen enèji pwòp ki pral pèmèt ekonomi an grandi avèk kreyasyon travay ak dirabilite kominote a pandan l ap rete yon pyonye nasyonal nan ankouraje yon anviwònman pwòp pou tout rezidan li yo".

Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal la, Basil Seggos, te deklare, "Pou sipòte aksyon prensipal New York yo pou lite kont chanjman klimatik, nou bezwen lejislasyon ki fè sans pou atenn objektif klimatik anbisye nou yo. Twa pwojè lwa sa yo pral redui emisyon ki chanje klima, ogmante jenerasyon enèji renouvlab, epi asire dirabilite anviwònman an se yon priyorite nan chak kwen eta nou an. Nan siyen lejislasyon sa a, Gouvènè Hochul ap voye yon mesaj solid yon lòt fwa ankò pou nou rive atenn objektif nou yo, nou dwe fè chanjman enpòtan pou redui emisyon gaz a efè sè ak amelyore rezistans".

Direktè Egzekitif Jeneral Depatman Sèvis Piblik Eta New York la, Rory M. Christian, te deklare, "Mwen felisite Gouvènè Hochul ak Lejislati a paske yo gen vizyon ak volonte pou yo atake davans menas chanjman klimatik la kreye. Aksyon yo apwouve jodi a pral bese depans enèji pou konsomatè yo, epi bay zouti nou bezwen pou redui emisyon gaz a efè sè yo, pandan l ap ede ankouraje kwasans travay nan Eta New York".

Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominotè nan Eta New York la, RuthAnne Visnauskas, te deklare, "Nouvo lwa jodi a mete aksan sou angajman Gouvènè Hochul pou konbat chanjman klimatik epi redwi radikalman emisyon gaz a efè sè New York dapre Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè. Lè nou ranfòse kòd konstriksyon Eta nou an pou atenn pi gwo efikasite enèji, depans yo pral bese pou fanmi yo nan yon moman kritik epi kominote nou yo pral jwi avantaj sante ki genyen nan lè pi pwòp pandan n ap ranplase enfrastrikti gaz aktyèl la. Inisyativ sa yo konplete Plan Lojman 25 milya dola Gouvènè Hochul la, ki pral ogmante rezèv New York pou kay abòdab, ki efikas nan enèji nan 100,000, epi elektriifye 50,000 kay anplis atravè eta a".

Komisè Depatman Travay Eta New York la, Roberta Reardon, te deklare, "Sa a se yon viktwa pou anviwònman nou an, ekonomi vèt ekspansif nou an, ak sa ki pi enpòtan, pou travayè atravè Eta New York yo. Antanke ko-prezidan Gwoup Travay Tranzisyon Jis la, mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul paske li asire travayè sa yo pral resevwa salè jis, onore angajman li pou yon avni ekitab, adapte pou anviwònman an pou gwo eta nou an".

Gary LaBarbera, Prezidan Konsèy Metye Konstriksyon Greater New York (Building and Construction Trades Council of Greater New York), te deklare, "Siyati pwojè lwa a jodi a reprezante yon envestisman enpòtan eta a nan efò pou fè avanse objektif efikasite enèji nou yo epi kreye plizyè milye travay bon kalite ak klas mwayèn avèk avantaj. Nou bat bravo pou Gouvènè Hochul pou angajman

enkondisyonèl li pou l kreye pwojè sa yo epi asire komèsan fanm ak gason ki enplike yo jwenn sipò konplè. Kounye a plis ke jamè, nou bezwen pwojè enèji pwòp ki kreye opòtinite ak estabilite pou moun k ap travay New York yo epi ki kontinye pozisyone eta nou an kòm yon lidè nan estanda efikasite modèn yo".

Mario Cilento, ki se Prezidan AFL-CIO Eta New York la, te deklare, "Avèk siyati pwojè lwa jodi a, New York kontinye ap fikse estanda pou rès peyi a sou rediksyon emisyon pandan y ap asire yon tranzisyon jis pou travayè yo ak kominote yo ke chanjman klimatik ak kòz li yo afekte yon fason ki pa pwopòsyonèl. Nou remèsye Gouvènè Hochul, lidè lejislatif yo ak sipòtè pwojè lwa yo pou lidèchip yo ak paske yo konprann ke abòde chanjman klimatik yo epi kenbe ak kreye bon travay sendika yo mache men nan men lè nou reflechi ak entansyonèl nan enkòpore pwoteksyon pou mendèv aktyèl la ak alavni".

Julie Tighe, ki se Prezidant Lig Konsèvasyon Votè New York la, te deklare, "Nou bat bravo pou Gouvènè Kathy Hochul paske li te siyen Kòd Konstriksyon Avanse, Lwa sou Estanda Efikasite Aparèy Elektwomenaje ak Ekipman 2022 ak Lwa sou Rezo Enèji Tèmik Sèvis Piblik ak Travay, tou de se avansman esansyèl pou New York atenn objektif CLCPA nou yo. Lejislasyon sa a pral asire bilding ak aparèy elektwomenaje ki pi efikas, ansanm ak yon apwòch inovatè ki ouvri wout pou sèvis piblik yo pou konstwi fason san emisyon pou chofe ak refwadi kay ak bilding nou yo, n ap bay Nouyòkè yo gwo ekonomi nan depans ak gaz a efè sè. Aksyon klimatik eta a mennen pi enpòtan ke jamè, epi nou kontan wè Gouvènè Hochul, Senatè Parker, Manm Asanble Fahy, ak Manm Asanble Joyner ak lejislati a k ap fè avanse mezi sa yo".

Lisa Dix, Direktè New York pou Kowalisyon Dekabonizasyon Bilding lan, te deklare, "Nou bat bravo pou Lejislati Eta New York la paske li te adopte lejislasyon dekabonizasyon nasyonal bilding lan nan sesyon sa a ki pral reduii emisyon klimatik nan bilding yo, kreye travay sendika yo epi mete nou sou wout pou nou redui siyifikativman polisyon nan kay nou yo, nan espas travay yo, ak nan kominote nou yo; epi jodi a, nou remèsye Gouvènè a paske li siyen lwa yo. New York, yon lòt fwa ankò, nan avangad nasyonal la epi ouvri wout la pou akselere ak konstwi yon mache solid pou teknoloji chofaj ak refwadisman pwòp, dekabonize anviwònman ki konstwi nou an avèk yon mendèv sendika sou gwo anplè, epi envesti anpil dirèkteman nan kominote nou yo ke chanjman klimatik la afekte yon fason ki pa pwopòsyonèl."

Anne Reynolds, ki se Direktris Egzekitif Alyans pou Enèji Pwòp New York la (Alliance for Clean Energy New York), te deklare, “Sa yo se nouvo règleman nou bezwen pou fè tranzisyon gradyèl bilding nou yo pou yo gen zewo emisyon epi asire devlopman nouvo pwojè enèji renouvlab yo mennen nan travay ki byen peye pou travayè New York yo. Nou bat bravo pou lejislati a ak Gouvènè a paske yo te pran mezi ki nesesè pou mete Eta New York sou wout pou atenn objektif klima anbisye nou yo".

John J. Murphy, Reprezantan Entènasyonal Asosyasyon Ini pou Konpayon ak Apranti Endistri Plonbri ak Tiyotri Etazini ak Kanada, te deklare, "Pakou nan

direksyon yon avni enèji pwòp egzije yon 'Tout Estrateji ki Anwo a'. Adopsyon Lwa sou Rezo Enèji Tèmik Sèvis Piblik ak Travay la pral bay yon tranzisyon jis pou plizyè milye Nouyòkè klas mwayèn pandan l ap ouvri yon chemen pou dekabonizasyon. Nou rekonesan ke vizyon pataje Gouvènè Kathy Hochul pou yon avni enèji pwòp te akeyi avèk antouzyas pa Lejislati Eta a atravè Senatè Kevin Parker ak Manm Asanble Latoya Joyner. Travay di yo an patenarya avèk aksyon Gouvènè Hochul pral ede New York prezève ak kreye plizyè milye travay, bese bòdwo sèvis piblik yo, epi atenn objektif enèji pwòp li yo pou ane k ap vini yo".

Direktè Règleman WE ACT for Environmental Justice la, Sonal Jessel, MPH, te deklare, "Nou remèsye Gouvènè Eta New York la, Kathy Hochul, paske li te siyen Lwa sou Kòd Avanse Konstriksyon, Estanda Efikasite Aparèy Elektwomenaje ak Ekipman, ke lejislati Eta New York la te adopte ane sa a. Nan etabli estanda efikasite sou enèji ki pi solid pou bilding ak aparèy elektwomenaje, pwojè lwa sa a pral ede diminye tarif sèvis piblik yo ak emisyon gaz a efè sè atravè eta a. Sa enpòtan anpil paske kominote ki gen revni ba yo ak kominote koulè yo ke chanjman klimatik la afekte yon fason ki pa pwopòsyonèl, ke gaz a efè sè yo alimante, epi menm kominote sa yo oblije depanse yon kantite lajan revni kay yo yon fason ki pa pwopòsyonèl nan bòdwo sèvis piblik yo".

Maritza Silva-Farrell, Direktè Egzekitif ALIGN NY, te deklare, “Pandan Eta New York ap aplike CLCPA (Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè), lwa sou klima ki pi anbisye nan peyi a, nou bezwen gwoup sendikal ak klimatik nan travay ansanm pou yon tranzisyon jis. Lwa sou Rezo Enèji Tèmik Sèvis Piblik ak Travay la (S9422) se yon egzanp sou sa ki soti nan aksyon kolektif sa a. Li prezante yon opòtinite pou dekabonize bilding nou yo yon fason efikas sou gwo anplè ki nesesè epi transfòme sèvis piblik elektrik ak gaz New York yo. Li pèmèt yo konstwi rezo enèji tèmik san emisyon pandan l ap kenbe mendèv aktyèl la epi kreye travay karyè pou klas mwayèn pou kominote ki gen revni ba ak kominote koulè ke kriz klimatik la te frape an premye ak pi di. Nou bat bravo pou Gouvènè Hochul paske li siyen lejislasyon enpòtan sa a epi nou pa ka tann pou nou kontinye travay ansanm pou akonpli misyon anviwònmantal, ekite, ak tranzisyon jis nan lwa sou klima New York, CLCPA".

Jessica Azulay, Direktè Egzekitif, Alyans pou yon Ekonomi Vèt, te deklare, “Nou kontan dèske Gouvènè Hochul te siyen Lwa sou Rezo Enèji Tèmik Sèvis Piblik ak Travay la, ki gen potansyèl pou revolisyone fason nou chofe ak refwadi kominote nou yo. Nou espere travay ansanm ak administrasyon an, sendika, òganizasyon kominotè, ak sèvis piblik yo pou aplike solisyon sa a nan kriz klimatik la ki pral rann chofaj renouvlab pi aksesib ak abòdab epi kreye bon travay sendika.

Shaun Stewart, Direktè Egzekitif Jeneral Newlab, te deklare, "Nou ta dwe bat bravo pou Gouvènè Hochul ak Lejislati a paske yo te adopte ak siyen lwa enpòtan sa a, ki pral ede fè bilding nou yo pi efikas, bese depans pou kontribiyab sèvis piblik yo epi mete New York sou wout pou dekabonizasyon. Pou reyalize vizyon odasye Gouvènè a, nou pral bezwen tou nouvo teknoloji ak nouvo lide. Erezman, New York sou wout pou tounen kay kèk nan jèn antrepriz teknoloji pwòp ak inovasyon ki pi enteresan yo.

Newlab fyè pou l jwe yon wòl ankraj nan ekosistèm teknoloji kabòn sa a k ap grandi epi pou òganize seremoni siyati jodi a".

Plan Klimatik Nasyonal Eta New York la

Ajanda nasyonal sou klima Eta New York la se inisyativ sou klima ak enèji pwòp ki pi agresif nan peyi a, ki mande yon tranzisyon òdone epi ki ekitab nan enèji pwòp ki kreye travay epi ki kontinye ankouraje yon ekonomi ekolojik pandan Eta New York ap retabli anba pandemi COVID-19 la. Enskri nan lwa atravè Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè a, New York sou yon chemen pou reyalize objektif mandate li a nan yon sektè elektrisite zewo emisyon rive 2040, ki gen ladan 70 pousan jenerasyon enèji renouvlab rive 2030, ak pou atenn netralite kabòn nan tout ekonomi an. Li chita sou envestisman san presedan New York pou devlope enèji pwòp yo, ki enkli plis pase 33 milya dola nan 102 pwojè enèji renouvlab ak transmisyon ki fèt sou gran echèl nan eta a, 6.8 milya dola pou redui emisyon batiman yo, 1.8 milya pou devlope enèji solè, plis pase 1 milya dola pou inisyativ transpò pwòp ak plis pase 1.6 milya dola nan angajman NY Green Bank yo. Mete ansanm, envestisman sa yo pèmèt kenbe prèske 158,000 travay nan sektè enèji pwòp la nan New York an 2020, yon kwasans 2,100 pousan nan sektè enèji solè a ki distribiye depi 2011 ak yon angajman pou devlope 9,000 megawat enèji ewolyèn sou lanmè a disi 2035. Selon Lwa sou Klima a, New York pral apiye sou pwogrè sa a epi diminye emisyon gaz efè sè yo pou 85 pousan pa rapò ak nivo 1990 yo lè nou rive nan 2050 pandan y ap asire ke omwen 35 pousan avèk yon objektif 40 pousan nan avantaj ki genyen nan envestisman nan enèji pwòp pou benefisye kominote defavorize yo epi fè pwogrè avanse nan direksyon sib efikasite enèji eta a pou lane 2025 la pou diminye konsomasyon enèji sou sit la pou 185 mil milya BTU (inite tèmik britanik) nan ekonomi enèji itilizasyon final.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418